KRISTU ANORARAMA

Uchapupu hwevaapositora

Chechi yajesu Kristu yavatendi vamazuva Ekupedzisira

Apo patinorangarira nokupemberera kuzvarwa kwaJesu Kristu makore zviuru zviviri akapfuura ayo, tinopa uchapupu hwedu hwehuchokwadi hweupenyu hwake hwusina muenzaniso uye nesimba Rake risina mugumo rokuzvipira Kwake kukuru kwerudzikinuro. Hapana mumwe akambova neshanduro yakakura kudaro pamusoro paavo vose vakararama uye vachazorarama panyika.

Aiva Jehova Mukuru weTestamente Yekare, Mesiasi weTestamente Itsva. Kuburikidza nerairo yaBaba Vake, Ndiye akava musiki wepanyika. “Zvinhu zvose zvakaitwa naye; kunze kwake hakuna-kuitwa kunyangwe chinhu chimwe chakaitwa.” (Johane 1:3). Kunyangwe zvazvo akanga asina zvivi, Akabhabhatidzwa kuti azadzikise ururami hwose. “Aipota nenyika achiita zvakanaka” (Mabasa aVaApositora 10:38), asi zvakadaro akavengwa nokuda kwazvo. Vhangeri rake raiva shoko rerunyararo netsitsi. Akakumbirisa vose kuti vatevere muenzaniso Wake. Akafamba munzira dzePalestine, achiporesa vanorwara, achiita kuti mapofu aone, uye achimutsa vakafa. Akadzidzisa zvokwadi zvokusingaperi, huchokwadi hwekurarama kwedu tisati tazvarwa panyika, nechinangwa choupenyu hwedu panyika, uye kwaniso yokukura yevanakomana nevanasikana vaMwari muupenyu huchauya.

Akamisa sakaramende sechiyeuchidzo chekuzvipira Kwake kukuru kwerudzikinuro. Akasungwa uye akatongwa pamhosva dzamanyepo, akawanikwa ainemhosva kuitira kufadza mhomho, uye akatongwerwa kufa pamuchinjikwa weKarivhari. Akapa upenyu Hwake kudzikinura zvivi zvavanhu vose. Chake chaiva chipo chikuru chakapuwirwa vanhu vose vaizorarama panyika.

Tinopupura noruremekedzo rwakadzama kuti upenyu Hwake, uhwo hunova hwakakoshesesa kunhoroondo yose yavanhu, hahwuna kutangira muBetrehema kana kuperera paKarivhari. Aiva Dangwe raBaba, Mwanakomana Mumwechete Wakaberekwa munyama, Mununuri wenyika.

Akamuka kubva muguva “akava chibereko chokutanga chavakavata” (I VaKorinte 15:20) Salshe Akamuka, Akashanya pakati paavo vaAkanga achida muupenyu hwake panyika. Akaparidzawo kuna “mamwe makwayi” Ake (Johane 10:16) muAmerica yechinyakare. Munyika yamazuva ano, lye naBaba Vake vakazviratidza kumukomana Joseph Smith, vachitangisa vimbiso yakaitwa kare “yemukuwo wekuzara kwenguva” (VaEfeso 1:10).

Nezva Kristu Anorarama, Muporofita Joseph akanyora kuti: “Maziso avo aiita serimi remoto, vhudzi remusoro mavo rakachena sechando chaicho; chiso chavo chaipenya kupfuura kupenya kwezuva; uye izwi ravo rainge richiita semvura zhinji iri kuyerera, kana izwi raJehova, richiti:

“Ndini wekutanga newekupedzisira; Ndini iye mupenyu, Ndini iye akauraiwa; Ndini murevereri wenyu kuna Baba” (D&Z 110:3–4).

Nezvake Muporofita akazivisawo kuti: “Uye zvino, mushure meuchapupu hwakawanda hwakapihwa pamusoro pake, uhu ndihwo uchapupu, hwekupedzisira hwevose, hwatinopa pamusoro pake: Kuti mupenyu!

“Nokuti takamuona, kunyangwe kurwudyi rwaMwari; uye takanzwa izwi richipupura kuti ndiye Mumwechete Akaberekwa waBaba—

“Kuti naiye, uye kuburikidza naiye, muna iye, nyika dziripo, uye dzakasikwa, uye nevagari vemo vanakomana nevanasikana vakaberekwa kuna Mwari” (D&Z 76:22–24).

Tinozivisa namashoko aneudzamu kuti Hupirisita Hwake uye neChechi Yake zvakadzorerwa panyika— “zvakavakwa pahwaro … hwavaapositora navaporofita, Jesu Kristu pachake ari iye ibwe rapakona gurusa” (VaEfeso 2:20).

Tinopupura kuti rimwe zuva Anozodzoka panyika. “Uye kubwinya kwalshe kucharatidzwa, nyama yose ichazviona pamwechete” (Isaya 40:5). Anozotonga saMambo waMadzimambo uye nokutonga salshe waMadzishe, uye ibvi roga roga richapfugama uye rurimi rwoga rwoga rwuchataura mukushumira pamberi Pake. Mumwe nomumwe wedu anozomira kuti atongwe Naye maererano namabasa edu uye nezvido zvemoyo yedu.

Tinopa uchapupu, saVaApositora Vake vakagadzwa nemazvo—kuti Jesu ndiye Kristu Anorarama, Mwanakomana asingafi waMwari. Ndiye Mambo mukuru Imanueri, uyo anomira nhasi kuruoko rworudyi rwaBaba Vake. Ndiye chiedza, upenyu, uye tariro yenyika. Nzira yake ndiro gwara rinotitungamira kurufaro muupenyu hwuno uye muupenyu hwokusingaperi munyika ichauya. Mwari ngavatendwe nechipo chisina muenzaniso choMwanakomana anehumwari Wavo.

HUTUNGAMIRI HWOKUTANGA

Gordon B. Hinckley
Thomas S. Monson
James E. Faust

CHIKWATA CHEVANE GUMI NEVAVIRI

Boyd K. Packer
L. Tom Perry
David B. Haight
Neal A. Maxwell
Russell M. Nelson
Dallin H. Oaks
M. Russell Ballard
Joseph B. Wirthlin
Richard G. Scott
Robert D. Hales
Jeffrey R. Holland
Henry B. Eyring

Ndira 1, 2000

Unofficial poster layout of the text published on churchofjesuschrist.org. Not an official publication of The Church of Jesus Christ of Latter-day Saints. Generated by Urim, urim.samuelbaird.com